

Bluebird Kids Health

Règleman pou egzeyate yon pasyan nan swen

Nan Bluebird Kids Health, nou vrèman pran leswen pou nou bati yon relasyon solid, ki dire lontan, epi ki baze sou konfyans ak fanmi n ap sèvi yo. Nan kèk sikonstans ki ra – tankou lè gen difikilte repete ki afekte seryezman kapasite nou pou n bay swen ki an sekirite ak efikas pou pitit ou ak lòt timoun – Bluebird Kids Health ka oblije konsidere egzeyate yon pasyan nan klinik la. Yo pa janm pran desizyon sa yo fasil. Lè yo rive, nou abòde yo avèk swen, konpasyon, epi ak yon angajman solid pou nou fè sa ki pi bon pou timoun nan, fanmi an, ak tout kominote pasyan nou an.

Rezon pou egzeyate yon pasyan nan swen

Bluebird Kids Health (ki enkli Palm Beach Pediatrics, LLC) ka konsidere retire yon pasyan nan swen si gen echèk pou suiv règleman pratik Bluebird Kids Health yo, tankou pou nenpòt nan rezon sa yo:

1. **Radevou Rate Plizyè fwa:** Nou konprann lavi a chaje ak aktivite epi pafwa konn genyen enprevi. Sepandan, lè gen randevou ki rate plizyè fwa san avètisman, sa anpeche nou bay lòt fanmi ki bezwen yo swen alè. Si yon fanmi akimile plis pase senk randevou san prezans ni avètisman, nou ka konsidere pou nou egzeyate fanmi an nan swen an. Sa vle di, objektif nou se toujou asire aksè a swen; donk nenpòt baryè tankou transpò, swen timoun, oswa lòt bezwen sosyal ap pran an konsiderasyon anvan nou pran yon desizyon final.
2. **Rès Lajan Ki Pa Peye:** Nou rekonèt frè swen sante ka difisil pou anpil moun. Nou konsidere retire yon pasyan nan swen sèlman lè gen yon gwo balans ki pa peye epi pa gen okenn repons a efò nou fè pou kontakte yo sou kòman pou mete sou pye yon plan pèman. Nou angaje nou pou travay avèk fanmi yo pou jwenn solisyon, ki gen ladan asistans finansyèl lè sa posib.
3. **Pa respekte orè vaksinasyon yo:** Pwofesyonèl nou yo suiv gid liy sante piblik yo epi yo kwè anpil nan pwoteje timoun atravè vaksen. Nou vize kolabore ak fanmi yo atravè konvèzasyon ak edikasyon nan respè youn pou lòt. Si, apre plizyè diskisyon, nou pa ka rive dakò sou yon plan vaksinasyon ki sekirize, nou ka konsidere egzeyate pasyan an nan swen pou pwoteje sante tout timoun n ap okipe yo.
4. **Move konduit oswa konduit ki genyen danje:** Nou angaje nou pou kreye yon espas ki an sekirite ak ki chaje ak respè pou tout moun. Menm si nou konprann estrès oswa emosyon fò ka parèt, konpòtman ki agresif, menasan, oswa deranje ki fèt plizyè fwa, malgre efò nou fè pou kalme sitiyasyon an oswa jere li, ka mennen nan desizyon pou nou egzeyate pasyan an nan swen.
5. **Fo enfòmasyon oswa enfòmasyon pou twonpe moun:** Nou konte sou enfòmasyon ki egzak pou nou ka bay pi bon swen posib. Si nou vin konnen genyen fo enfòmasyon esansyèl ki te bay pou swen pitit ou (tankou detay sou gad legal oswa asirans) epi efò nou fè pou klarifye yo pa reyisi, nou ka konsidere egzeyate pasyan an nan swen.

Konsiderasyon pou pasyan an pandan pwosesis retire nan swen an

Nou angaje nou pou asire pwosesis pou retire pasyan an fèt ak transparans epi ak tout sipò posib.

1. **Avi pou retire nan swen:** Fanmi/moun ki bay swen yo ap resevwa yon avi ekri sou retire pasyan an atravè pòtay pasyan an ak pa lapòs. Avi sa a ap eksplike klèman rezon ki fè yo pran desizyon an, dat efektif pou retire pasyan an, epi li pral bay gid sou kijan pou jwenn yon nouvo founisè swen. Nou pral travay ak chak fanmi pou asire yon tranzisyon swen ki san pwoblèm.
2. **Demann Re-entegrasyon:** Nou kwè nan dezyèm chans e nou rekonèt sikonsans yo ka chanje. Si ou ta renmen tounen nan Bluebird Kids Health, nou envite w voye yon demann ekri pou re-entegre nan info@bluebirdkids.com. Ekip nou an pral analize chak ka ak anpati epi swen. Pou nou ka konsidere li, nou mande pou demann ekri a genyen ladan l:
 - Non moun ki fè demann nan,
 - Yon ti eksplikasyon tou kout sou poukisa w ap mande pou w retounen,
 - Rekonesans rezon ki te lakoz retrè pasyan an nan swen an okòmansman,
 - Etap ou pran pou adrese pwoblèm ki te mennen nan retire a (pa egzanp: peye rès lajan ki te rete, konprann règleman pratik yo),
 - Epi angajman pou w suiv tout règleman pratik yo depi kounye a ak alavni.

Ekip nou an pral revize chak demann ak anpil atansyon, sou baz chak ka endividyèlman. Si ou re-entegre, n ap kolabore avè w pou soutni yon relasyon ki reyisi alavni.

3. **Aksè ak Dosye Medikal:** Apre yo fin egzeyate ou nan swen, fanmi oswa moun k ap bay swen yo p ap gen aksè ak pòtay pasyan an ankò, men ou ka toujou jwenn dosye medikal ou yo. Nou kontan bay kopi dosye yo sou demann, swa dirèkteman ba ou oswa bay yon nouvo founisè swen, an akò ak lwa ki aplikab yo.
4. **Asistans pou Tranzisyon Swen:** Si ou pa fin sèten kijan pou w jwenn yon nouvo pedyat, nou rekòmande pou w kontakte plan asirans ou. Yo ka bay yon lis pratik ki nan rezo a nan zòn ou an ki ap aksepte nouvo pasyan.